

## AJANS POU MOUN ANDIKAPE

### Dwa Rezidan pou Moun K Ap Viv nan Etablisman APD Sètifye yo

*Ekstrè nan 393.13, Lwa Florid yo, tit "Tretman pou moun ki gen andikap nan devlopman"*

4) DWA KLIYAN YO. —Pou objektif sou-seksyon sa a, tèm “kliyan,” jan sa defini nan s. 393.063, dwe gen ladan tou tout moun ki resevwa sèvis nan yon etablisman ki sètifye selon s. 393.067

(a) Kliyan yo dwe gen dwa san limit pou komunikasyon:

1. Chak kliyan gen otorizasyon pou resevwa, pou voye, ak pou voye lèt ki sele, lèt ki pa louvri pa lapòs. Etablisman an pa dwe louvri, retade, kenbe oswa entèdi yon lèt ke yon kliyan ap resevwa oswa ap voye sof si gen rezon pou kwè ke li genyen atik oswa sibstans ki kapab nwizib pou kliyan an oswa pou lòt moun, kote administratè an chèt etablisman an kapab mande pou fè yon evalyasyon ki rezonab sou kourye lapòs sa a epi kontwole dispozisyon atik oswa sibstans sa yo.
2. Kliyan yo nan etablisman rezidansyèl yo dwe gen opòtinite rezonab pou kominike nan telefòn, pou fè ak pou resevwa apèl konfidansyèl, sof si gen rezon pou kwè ke kontni komunikasyon nan telefòn sa a kapab nwizib pou kliyan an oswa pou lòt moun, nan ka sa a administratè an chef etablisman an kapab mande pou fè obsèvasyon ki rezonab sou epi kontwole komunikasyon nan telefòn nan.
3. Kliyan yo gen yon dwa san limit pou vizit selon règ ki rezonab pou etablisman an. Sepandan, yo pa dwe entèprete dispozisyon sa a kòm yon dispozisyon ki vyole dwa lòt kliyan yo nan kesyon vi prive.

(b) Chak kliyan gen dwa pou posede ak itilize pwòp rad li ak zafè pèsonèl li, eksepte nan ka espesifik sa yo kote itilizasyon kèk nan atik sa yo kòm ranfòsman vin esansyèl pou fòme kliyan an nan kad yo pwogram konpòtmantal ki apwouve yon fason ki apwopriye. Administratè an chèf etablisman an kapab pran lagad efè sa yo pandan yon ti tan lè li esansyèl pou fè sa pou rezon medikal oswa pou rezon sekirite. Yo pral anrejistre lagad efè pèsonèl sa yo byen vit nan dosye kliyan an, epi yo pral bay kliyan an yon resi pou efè sa yo san pèdi tan, si posib, oswa bay paran oswa gadyen legal klitan an.

1. Yo pral kenbe tout lajan ki pou kliyan an ke ajans lan kenbe selon s. 402.17(2).
2. Yout enterè sou lajan ke yo resevwa epi yo kenbe pou itilizasyon pèsonèl ak avantaj yon kliyan se pral pwopriyete kliyan an epi yo pa kapab akimile nan byennèt jeneral tout kliyan yo oswa pa kapab itilize pou ranbouse frè pou swen rezidansyèl la. Enterè ki akimile yo pral itilize oswa konsève pou itilizasyon pèsonal oswa pou avantaj kliyan endividiyèl la jan sad ekri nan s. 402.17(2).
3. Aprè soti oswa lanmò yon kliyan, yo pral bay yon rapò final sou tout efè pèsonèl ak lajan ki pou kliyan an ke ajans lan kenbe. Tout efè pèsonèl ak lajan, ki gen ladan enterè, pral ranvwaye byen vit bay kliyan an oswa bay eritye li yo.

(c) Chak kliyan pral resevwa tretman medikal byen vit ak tretman medikal ki apwopriye pou maladi fizik ak maladi mantal ak pou prevni tout maladi oswa andikap. Tretman medikal yo pral rèspekte nòm Pratik medikal yo aksepte nan kominote a.

1. Yo dwe bay medikaman sèlman nan òdonans alekri yon medsen. Yo pa dwe itilize

medikaman kòm pinisyon, pou fè pèsonèl la plezi, kòm yon ranplasan pou mizannèv yon plan sipò endividyal oswa familyal oswa mizannèv sèvis analiz konpòtman, oswa nan kantite ki pa nesesè oswa nan kantite eksesif.

2. Nòt sou medikaman ke chak kliyan resevwa nan yon etablisman rezidansyèl pral rete konsève nan dosye kliyan an.
  3. Pandan chak peryòd, men mwens souvan pase chak 6 mwa, medsen asistan oswa lòt òganis kontwòl ki apwopriye pral revise plan medikaman chak kliyan nan yon etablisman rezidansyèl ak nòm sou Pratik medikal ki apwopriye. Tout preskripsyon yo pral genyen yon dat ekspirasyon.
  4. Lè yo bay sèvis famasi nan tout etablisman rezidansyèl, se yon pwofesyonèl famasyen konpetan ki kalifye ki pral dirije oswa sipèvize sèvis sa yo selon dispozisyon chapit 465 lan.
  5. Yo pral sèvis famasi yo selon dispozisyon chapit 465 lan.
  6. Anvan yo aplike yon plan tretman medikal eksperimental oswa anvan yo egzekite nenpòt pwosedi chirijikal, yo pral jwenn konsantman eksplisit ak konsantman enfòme nan men kliyan an, si posib, oswa nan men paran oswa oswa gadyen legal la. Enfòmasyon ke kliyan an pral itilize pou fè trètman ki nesesè ak desizyon chirijikal yo dwe gen ladan, men pa limite ak:
    - a. Nati ak konsekans pwosedi sa yo.
    - b. Risk, avantaj, ak objektif pwosedi sa yo.
    - c. Lòt pwosedi altènatif ki disponib.
  7. Lè yo pa konnen oswa yo pa ka jwenn paran an oswa gadyen legal la epi medsen an pa gen volonte pou reyalize chiriji a sou baz konsantman kliyan an sèlman, yon tribunal nan jiridiksyon ki konpetan an pral fè yon odyans pou detèmine si pwosedi chirijikal la apwopriye. Kliyan an dwe fizikman prezans, sof si kondisyon medikal kliyan an anpeche prezans sa a, li pral reprezante pa yon avoka, epi dwe gen dwa ak opòtinite pou konfwonte ak pou kont-entèwoje tout temwen ki konfime ke pwosedi sa a apwopriye. Nan pwosedi sa yo, chaj prèv pa evidans ki klè epi konvenkan pral sou responsabilite pati k ap konfime si pwosedi sa yo apwopriye. Konsantman eksplisit ak konsantman enfòme yon moun ki sekri nan sou-paragraf 6 la kapab anile nenpòt lè, avèk oswa san koz, anvan tretman oswa chiriji a.
  8. Malgre absans konsantman eksplisit ak konsantman enfòme a, yon medsen ki sètifye epi ki kalifye kapab bay swen medikal dijans oswa trètman pou tout kliyan ki te resevwa domaj oswa k ap soufri ak yon maladi grav, oswa kondisyon si, nan yon nivo sètitid medikal ki rezonab, reta pou kòmanse swen medikal dijans oswa trètman, sa t ap mete an danje sante kliyan an.
- (d) Chak kliyan dwe gen aksè nan espas pou estokaj endividyal pou li itilize yon fason prive.

- (e) Chak kliyan dwe resevwa egzèsis fizik ki apwopriye jan sad ekri nan plan sipò familial oswa endividyièl kliyan an. Yo pral bay etablisman enteryè ak etablisman anplenè ak ekipman pou egzèsis fizik sa a.
- (f) Chak kliyan dwe resevwa disiplin imen.
- (g) Yo pa dwe mete yon kliyan nan yon pwogram trètman pou elimine konpòtman pwoblematik oswa konpòtman inabilityèl san toudabò evalyasyon yon medsen ki detèmine ke konpòtman sa yo pa konpòtman ki gen orijin òganik selon pi bon jijman li.
1. Yo entèdi pwogram trètman ki enplike itilizasyon estimili ki nosif oswa estimili ki gen doulè.
  2. Tout vyolasyon yo konfime nan paragraph sa a dwe deklare touswit bay administratè an chèf etablisman an ak ajans lan. Yo dwe fè yon ankèt apwofondi sou chak ensidan, epi yo dwe soumèt yon rapò alekri sou konklizyon ak rezulta ankèt la bay administratè an chèf la ak ajans lan nan lespas 24 èdtan aprè ensidan an te rive oswa aprè yo fin dekouvrir ensidan an.
  3. Ajans lan dwe adopte yon sistèm pou sipèvizon pwogram konpòtmantal pa règleman. Sistèm nan dwe etabli machaswiv ak pwosedi ki jere konsepsyon an, apwobasyon, mizannèv, ak kontwòl tout pwogram konpòtmantal ki enplike kliyan yo. Sistèm nan dwe asire ke komite pwofesyonèl ki sètifye antanke analis konpòtman yo bay revizyon lokal oswa revizyon eta a selon s. 393.17. Yo p ap mete annèv okenn pwogram konpòtman sof si yo revize yo selon règ ke ajans lan etabli nan seksyon sa a.
- (h) Kliyan yo dwe gen dwa pou kapab lib de tout itilizasyon limitasyon ki pa nesesè oswa izòlman. Yo pral itilize limitasyon sèlman nan ka ijans yo oswa pou pwoteje kliyan oswa lòt moun kont gwo domaj. Yo pa dwe itilize limitasyon kòm pinisyon, pou fè pèsonèl la plezi, oswa kòm yon ranplasan pou yon plan sipò. Limitasyon yo dwe enpoze mwens restriksyon ki posib selon objektif yo epi yo dwe retire yo lè ijans lan fini. Limitasyon yo pa dwe lakoz domaj fizik pou kliyan an epi dwe fèt pou pèmèt pi gwo konfò posib.
1. Yo dwe voye rapò chak jou yo sou itilizasyon limitasyon oswa izòlman yo bay administratè etablisman oswa pwogram ki sètifye nan chapit sa a, epi yo dwe transfere konpilasyon chak mwa rapò sa yo bay biwo reydon lokal ajans lan. Rapò chak mwa yo dwe rezime tout ka limitasyon sa yo, tip yo itilize a, dire itilizasyon an, ak rezon itilizasyon sa a. Biwo reydon an dwe soumèt rezime chak mwa rapò sa yo bay biwo santral ajans lan.
  2. Ajans lan dwe adopte nòm ak pwosedi ki lye ak itilizasyon limitasyon ak izòlman pa vwa reglementè. Règ sa yo dwe mache ak pi bon Pratik yo rekonèt yo; entèdi limitasyon ki danjre oswa pwosedi izòlman yo; dwe etabli limitasyon sou itilizasyon ak dire limitasyon ak izòlman an; dwe etabli mezi pou asire sekirite kliyan yo ak pèsonèl la pandan yon ensidan limitasyon oswa izòlman; dwe etabli pwosedi pou pèsonèl la swiv anvan, pandan, ak aprè ensidan limitasyon oswa izòlman an, ki gen ladan plan pèsonalize pou itilizasyon limitasyon oswa izòlman nan sitiyasyon dijans yo; dwe etabli kalifikasyon pwofesyonèl ak fòmasyon pou pèsonèl la ki kapab òdone oswa angaje nan itilizasyon limitasyon oswa izòlman; dwe etabli egzijans pou kòlèk done etablisman an ak deklarasyon ki lye ak itilizasyon limitasyon ak izòlman; epi etabli pwosedi ki lye ak dokimantasyon itilizasyon limitasyon oswa izòlman nan etablisman kliyan an oswa nan dosye pwogram nan. Yon kopi règ yo adopte nan sou-paragraf sa a pral transfere bay kliyan an, paran, gadyen

legal oswa avoka gadyen legal la, epi bay tout manm pèsonèl etablisman ak pwogram ki sètifye nan chapit sa a epi dwe fèt pati tout pwogram fòmasyon inisyal ak kontini manm pèsonèl la.

- (i) Chak kliyan dwe gen yon dosye santral. Ajans lan dwe etabli dosye santral la nan moman yo detèmine yon moun elijib pou sèvis yo, kowòdonatè sipò kliyan an dwe konsève I, epi dwe genyen enfòmasyon ki lye ak admision, dyagnostik ak istwa trètman an, aktyèl kondisyon an, ak lòt enfòmasyon sa yo jan yo kapab egzije sa. Dosye santral la se pwopriyete ajans lan.
1. Sof si kliyan an renonse, si li konpetan, oswa paran oswa gadyen legal kliyan an si kliyan an enkonpetan, dosyesantral kliyan an pral rete konfidansyèl epi pa nan dispozisyon s. 119.07(1), epi yo p ap divilge okenn pati ladan eksepte:
    - a. Yo kapab pataje dosye a avèk medsen yo, avoka, ak ajans gouvènman yo ki bezwen dosye a pou ede kliyan an, jan kliyan an dezinye sa, si li konpetan, oswa paran oswa gadyen legal kliyan an, si kliyan an enkonpetan.
    - b. Yo dwe pwodwi dosye a kòm yon repons ak yon sitasyon oswa pibliye I bay moun ke òdonans tribunal la otorize, ekskli dosye ke lòt dispozisyon lwa yo privilejye.
    - c. Yo kapab pibliye dosye a oswa nenpòt pati nan dosye a bay yon chèchè ki kalifye, yon manm pèsonèl nan etablisman kote kliyan an rezide a, oswa yon anplwaye nan ajans lan lè administratè etablisman an oswa direktè ajans lan jije I nesesè pou trètman kliyan an, konsèvason dosye ki apwopriye, konpilasyon done sou trètman, oswa evalyasyon pwogram yo.
    - d. Yo kapab itilize enfòmasyon nan dosye yo pou rezon estatistik ak rezon rechèch si yo pran enfòmasyon yo nan yon fason pou pwoteje idantite moun yo.
  2. Kliyan an, si li konpetan, oswa si paran oswa gadyen legal kliyan an enkonpetan, yo dwe resevwa yon kopi dosye santral kliyan an lè yo mande sa.
- (j) Chak kliyan ki rezide nan yon etablisman rezidansyèl ki elijib pou vote nan eleksyon publik yo selon lwa eta yo gen dwa pou vote. Operatè etablisman yo dwe prevwa mwayen pou egzèse dwa kliyan an pou vote.